



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 25 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU AMELYORE PREVANSYON ENSANDI AK SEKIRITE POU ETIDYAN KOLÈJ YO**

***“Lwa Kerry Rose sou Avi pou Jiklè Ensandi” Pral Ede Edike Etidyan Kolèj yo Konsènan Prevansyon Ensandi ak Sekirite apre Dife Trajik nan Inite Lojman ki pa nan Kanpis nan Marist College***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pwojè-lwa ki ta egzije kolèj piblik ak kolèj prive ki nan Eta New York pou yo bay enfòmasyon alekri sou sekirite nan dife ak sou sistèm jiklè ensandi pou etidyan k ap viv nan lojman kolèj la opere ak posede.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Sekirite ak prevansyon ensandi dwe se yon priyorite prensipal, sitou nan kolèj kote jèn moun yo pa konnen souvan ki sistèm ki anplas pou pwoteje yo nan yon dife. Se te yon trajedi pou tout eta nou an lè Etidyan Marist, Kerry Rose Fitzsimons ak de lòt jèn moun te pèdi lavi yo nan yon dife ane pase. Nouvo lwa sa a pral amelyore sansibilizasyon pou sekirite nan dife pou etidyan kolèj nou yo pou nou kapab pa kite ensidan trajik tankou sa a rive ankò.”

Dapre nouvo lwa a, kolèj yo gen obligasyon pou pibliye estanda sekirite dife nan yon rapò anyèl gouvènman federal la egzije yo pou bay chak ane. Men, yo pa gen obligasyon pou fè etidyan rezidan yo konnen estanda sa yo nan pwosesis lojman an. Nouvo lwa (A. 5715-A/S. 4180-B) Gouvènè a siyen jodi a ta egzije kolèj piblik ak kolèj leta ki nan New York pou yo bay yon avi sou sekirite dife alekri pou chak etidyan k ap viv nan yon bilding lojman kolèj la posede ak opere, andedan ak deyò kanpis la. Avi sa a ta gen ladan yon deskripsyon sistèm sekirite dife pou bilding lojman etidyan yo, tankou si bilding lojman an ekipe oswa pa ekipe avèk yon sistèm jiklè pou dife. Avi sa a ta gen ladan tou enfòmasyon sou fason pou jwenn rapò sou sekirite dife kanpis kolèj la dapre egzijans lalwa federal. Nouvo lwa a ap anvigè imedyatman.

Pwojè-lwa a pote non Lwa Kerry Rose sou Avi pou Jiklè Dife Kerry Rose Fitzsimons se te yon etidyan nan Marist College ki te mouri, ansanm avèk de lòt etidyan, nan yon dife ki te pran nan inite lojman ki lwen kanpis li nan ane 2012. Fanmi ak zanmi li te kòmanse “Fondasyon Kerry Rose” pou edike etidyan kolèj yo sou prevansyon dife ak sekirite.

Haitian Creole

Senatè Joseph Robach di konsa, “Pwojè-lwa sa a ap bay paran yo ak etidyan yo bon jan enfòmasyon pou yo kapab pran desizyon ki pi bon an ak pi reflechi a lè y ap chwazi lojman nan kolèj. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa epi mwen swete sa pral ede fasilite lespri paran yo nan Eta New York.”

Manm Asanble Michael DenDekker di konsa, “Mwen vle di fanmi Kerry Rose Fitzsimons poutèt yo kòmanse Fondasyon Kerry Rose pou edike etidyan yo ak paran yo sou enpòtans sekirite nan dife ak sekirite ajoute sistèm sipresyon dife nan lojman kolèj yo posede, andedan ak deyò kanpis yo. Mwen kontan paske Gouvènè Cuomo te siyen pwojè-lwa mwen an (A5715) ki egzije kolèj yo pou fè etidyan yo konnen si dòtwa yo ekipe avèk sistèm jiklè. Mwen kwè toutbon etidyan kolèj yo ak fanmi yo gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou zafè ki konsène sekirite pèsònèl yo epi nan ka sa a, sekirite nan dife, epi mwen swete pral gen gwo rediksyon nan ka lanmò oswa nan chòk akòz dife.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418